



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 11 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADP AP TABLI YON “LABORATWA INOVASYON” TEKNOLOJI NAN VIL NEW YORK EPI AP KREYE PLIS PASE 100 NOUVO DYÒB

ADP Angaje I Tou pou I Patisipe nan Pwogram Tankou ‘Pathways in Technology Early College High School’ (P-Tech) pou Konseye ak Gide Jèn Elèv

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ADP® Inc., youn nan prensipal founisè solisyon Jesyon Kapital Imen (Human Capital Human, HCM), pral kreye yon nouvo ‘Laboratwa Inovasyon’ nan Vil New York. Pwojè a pral konsève 22 dyòb ki egziste deja nan New York epi kreye yon 110 lòt dyòb, tankou devlopè lojisye ak syantifik enfòmasyon. Anplis, pou yo ka jwenn sipò Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York (NYCREDC), ADP dakò pou I patisipe nan yon pwogram esperyans entèna ak travay tankou ‘Pathways in Technology Early College High School’ (P-Tech), oubyen yon pwogram menm jan ki koresponn ak plan konpayi a pou anpwaye ak entèn.

“Desizyon ADP pou I kreye Laboratwa Inovasyon pa yo nan Vil New York se yon viktwa pou kominote a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Non sèlman konpayi a ap envesti nan yon nouvo enstalasyon nan Vil New York epi kreye plis pase 100 nouvo dyòb byen peye pou Nouyòkè, ADP pral patisipe tou nan yon pwogram esperyans entèna ak travay ki pral ede prepare elèv New York pou fè karyè nan devlopman domèn STEM. Nan kad stil patenarya sa yo, Eta a ap transfòme fason nou devlope ekonomi an epi bay elèv nou yo edikasyon yo bezwen pou reyisi pi lwen pase nan sal klas yo.”

ADP se youn nan pi gwo founisè estènalizasyon biznis ak solisyon jesyon kapital imen, kap sèvi plis pase 620.000 biznis tout tip ak dimansyon nan plis pase 125 peyi. Konpayi a ap fè ap fè mache nèf enstalasyon ki gen plis pase 2.900 anpwaye nan Eta New York. Òganizasyon R&D yo a devlope tout lojisye ADP founi kliyan li yo epi gen apeprè 3.000 asosye atravè trant eta, tankou 22 dyòb devlopman lojisye nan Eta New York. Nan kad òganizasyon R&D a, ADP Innovation Labs konsantre sou livrezon inovasyon pwochè jenerasyon sou mache a. Konpayi a gen deja yon Laboratwa Inovasyon nan katye jeneral li nan Roseland, New Jersey.

“Empire State Development ak vil New York se gwo asosye nan ede nou fè nouvo Laboratwa Inovasyon nou an dekole,” te deklare Mike Capone, vis prezidan administratif devlopman pwodwi ak Direktè Enfòmasyon nan ADP. “Objektif nou pou enstalasyon sa se gen ekip gwo espesyalis ak kreyatè ki

konsantr sou kapasite pou fè enklasyon ak livrezon rapid ki pral ogmante yon fason konsiderab platfòm HCM pou kliyan.”

ADP planifye pou l tabli yon enstalasyon devlopman lojisyèl 25.000 pye kare nan Vil New York. Pandan n ap konsidere lokalizasyon pwojè, konpayi te chèche èd nan men Empire State Development (ESD) pou diminye kou epi fè pwojè a reyalizab nan Vil New York, olyede yon lòt eta.

ESD ofri konpayi an \$2 milyon nan kredi enpo sou baz pèfòmans atravè Excelsior Job Program, ki gen koneksyon dirèk ak kreyasyon dyòb ak angajman investisman. Anretou, ADP Technology Services pral fè plis pase \$11.5 milyon nan investisman kapital pou tabli nouvo operasyon yo epi kreye 100 nouvo dyòb pandan y ap konsève 22 pozisyon ki egziste deja, epi konpayi a estime depans rechèch ak devlopman nan nouvo enstalasyon an pral rive apeprè \$10 milyon chak ane.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Delege Empire State Development, Kenneth Adams, te di konsa, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou restore lòd fiskal epi fè gwo pwogrè nan amelyorasyon klima biznis nan Eta New York – epi konpayi ap ran nòt. ADP se dènye egzanp yon konpayi kap mennen nan endistri a ki chwazi envesti ak kreye nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik nan New York. Non sèlman ADP ap envesti plizyè milyon dola epi kreye plis pase 100 nouvo dyòb, yo se tou yon antrepiz sitwayen modèl atravè angajman yo nan travay ak lekòl nou yo pou mete pwochen jenerasyon elèv sou wout pou jwenn dyòb ak yon bèl avni.”

Anplis investisman konpayi a nan nouvo operasyon, ADP angaje l pou patisipe nan yon pwogram espèryans entèn ak travay tankou ‘Pathways in Technology Early College High School’ (P-TECH) pou ankouraje elèv ki pi bon ak pi fò yo pran diplòm kolèj STEM epi bati karyè yo nan New York. Angajman sa rantr nan liy apèl Gouvènè a pou plis lekòl ki tankou P-TECH Brooklyn lan.

Domèn Syans, Teknoloji, Jeni ak Math – “STEM” – se youn nan sektè devlopman rapid ekonomi New York, epi Gouvènè a pwopoze pou l founi bous konplè pou kolèj oubyen inivèsite SUNY oubyen CUNY nan 10 pousan diplome high school si yo kontinye yon karyè STEM epi travay nan New York annapre pandan senk lane.

ADP te fè deklarasyon annapre a bay NYCREDC: “Nou fyè dèske nou se yon bon antrepriz sitwayen. Nou konprann responsablite yo ak avantaj ineran ki asosye ak konsèye ak gide jèn elèv. Sitou, ADP apresye epi konprann aksan ki mete sou pozisyon wot teknoloji ak espozisyon jèn entelijans nan karyè fiti nan domèn sa. Lè n konsidere sa ki di pi wo a, ADP pare pou l patisipe nan yon pwogram tankou ‘Pathways in Technology Early College High School’ (P-TECH), oubyen yon pwogram menm jan ki koresponn ak plan pou anwaye ak entèn.”

Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Vil New York, Matthew Goldstein, ansyen Rektè City University of New York, te di konsa, “Nou kontan anpil ak angajman ADP nan kreyasyon dyòb ak patenarya pou edikasyon ki pral ede devlope ekonomi an epi prepare mendèv demen an.”

Haitian Creole

Senatè Brad Hoylman te di konsa, “Mwen felisite Gouvènè Cuomo, Prezidan ESD Kenneth Adams ak ADP pou bèl anons sa pou yon devlopman lojisyèl ak sant enfòmasyon nan Chelsea. Li enpòtan anpil pou ekonomi eta a ak vil la pou nou kontinye devlope nouvo dyòb ki baze sou konesans ADP pral founi. Sa fè nou plezi tou pou nou aprann angajman planifye ADP nan lekòl lokal atravè pwogram P-TECH ak opòtinite pou edikasyon STEM atravè SUNY ak CUNY.”

Manm Asanble Richard N. Gottfried te di konsa, “ Sa bèl pou wè investisman teknoloji ap devlope nan New York – sitou lè yon konpayi fè patenarya ak yon pwogram tankou P-Tech. Angajman ADP nan New York bon pou Nouyòkè. Li bon pou biznis, epi atravè pwogram esperyans entèna ak travay, li bon pou avni nou.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418